# Жаслар мәселелери орнында сапластырылды

Бүгин Элликқала районында Өзбекстан Республикасы Президентиниң Халық қабыллаўханалары, Қарақалпақстан Республикасындағы 4 сектор, мәмлекетлик қәўипсизлик хызмети,  Жаслар servicesислер агентлиги, министрлик ҳәм мәкемелердиң басшылары тәрепинен «Темир дәптер» ҳәм «Жаслар дәптери»не дизимге алынған жаслар менен ушырасыў болып өтти.

Image not found or type unknown

Дәслеп «Жаслар дәптери»не дизимге алынған жаслар арасында исбилерменликке қызығыўшылығы бар болған пуқараларға берилип атырған мүмкиншиликлер, райондағы жаңа жумыс орынлары, Жаслар «1+1» дәстүриниң әҳмийети, бизнес жойбарды әмелге асырыў ҳәм ажратылып атырған субсидиялардың жаңа механизми бойынша интерактив семинар тренинг шөлкемлестирилди. Соның менен бирге, кибер жынаяттың алдын алыўға байланыслы видеоролик қойып берилди.

Image not found or type unknown

Ушырасыўда жаслардың машқалалары, пикир ҳәм усынıслары тыңланды. Өз исбилерменлигин баслаў нийетинде болған жасларға жеңиллетилген кредитлер ажыратылатуғын болды. Соның менен бирге жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў бойынша жуўапкерлерге тапсырмалар берилди.

Image not found or type unknown